Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 19 (9863) 15 май 2020 с. /Рузман 22 Рамазан 1441 с./ багъа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## Президент РФ В.В. Путин подписал указ о дополнительных мерах поддержки семей с детьми

11 мая, перед началом совещания по ситуации с распространением коронавируса, Президент РФ В.В. Путин выступил с обращением к россиянам. Сразу после завершения выступления он подписал указ о дополнительных мерах социальной поддержки российских семей с детьми.

Документ предусматривает введение ежемесячной выплаты в размере 5 тысяч рублей на детей до 3 лет и единовременную выплату в размере 10 тыс. рублей на каждого ребенка в возрасте от 3 до 15 лет включительно.

Ежемесячные выплаты с апреля по июнь предназначены для российских семей с детьми до трех лет, при условии, что, право на получение материнского капитала у них появилось до 1 июля 2020 года.

Выплаты (с апреля по июнь текущего года) в размере 5 тысяч рублей полагаются российским гражданам, у которых первый ребенок родился или был усыновлен с 1 апреля 2017 года по 1 января 2020 года.

Семьи с детьми в возрасте от 3 до 16 лет получат единовременную выплату в размере 10 тысяч рублей на каждого ребенка.

Получить деньги можно будет с 1 июня. Оформить получение средств можно будет через госуслуги или Пенсионный фонд.

Кроме того, президент поручил удвоить пособие по уходу за ребенком: с 3375 до 6751 рубля. Дополнительную поддержку от государства получат 27 млн. российских детей.

**Интернет**

## Оперативияб штабалъул данделъабазда…

Газеталъул щибаб номералда нижеца хъвала районалда коронавирус т1ибит1унгут1иялъе г1уц1араб оперативияб штабалъ гьабулеб бугеб х1алт1ул х1акъалъулъ. Щибаб къойил т1обит1улеб данделъиялда штабалъ хал гьабула, рехсараб унтиялда хурхун, районалда бугеб ах1вал-х1алалъул, т1оцебесеб иргаялда, т1орит1изе кколел тадбиразул ва цере ч1арал масъалабазул.

Лъалеб бук1ахъе, коронавирус жеги **«х1алалда»** буго, гьебги кьоч1ое босун, нилъер президентас, х1укуматалъ г1емераб х1алт1и гьабулеб буго гьеб къинабиялда ва гьелъ нилъер г1адамазе кьолеб зарал дагьлъизабиялда т1ад.

Х1укуматалъул, гьеб жидеде кколел пачалихъиял г1уц1абазул рихьизарияl кьоч1оеги росун, районалъул оперативияб штабалъ г1адамазда, х1алт1ич1ого бегьуларел г1уц1абазда (тукаби, аптекаби, заправкаби, техникаялъе хъулухъ гьабулел станцияби, рукъарулезул, химчисткаялъул бак1ал, мойкаби ва г. ц.), ч1ванкъот1ун, рихьизарулел руго, унти бугебг1анасеб заманалда ва гьеб т1ибит1унгут1иялъе, гьенир х1алт1улезда, т1аде рач1унезда ц1унизе т1адал къаг1идаби ва гьаризе кколел тадбирал. Гьел къаг1идаби ва тадбирал гьанир рехсезе ккеларел ратила, гьезул х1акъалъулъ щибаб къойил бицунебги бихьизабулебги буго.

Гьединго, гьаризе т1адал ишазул х1акъалъулъ т1адехун рехсарал г1уц1абазул бет1ергьабазда, хасаб къаг1идаялда, лъазабунги лъазабулебги буго.

### ХIурматиял районцоял!

Коронавирус, пневмония нилъеда гьоркьоб т1ибит1унгут1иялъе т1орит1улел тадбиразул цох1о мурад буго-нилъер сахлъи ц1уни. Гьаб гьадин, доб додин щай бугебан кьуч1 гьеч1ел харбал рицинч1ого ва гьел т1ирит1изаричого, х1ажат буго, кьури гьеч1ого, рихьизарияl т1уразе. Нилъер умумузде гьалдасаги зах1матаб заман чанги бач1ун бук1ана ва гьез гьеб сабруялда, ях1-намус ц1унун, г1алимзабаз абураб гьабун, нухда т1обит1ана, гуребани, нилъ рук1инч1ого рук1инеги бегьулаан.

Гьеб нилъеда к1очене бегьуларо.

**Ц1уне нужго!**

**М.-Ш. Г1АБДУЛАШИМОВ**

К1удияб Бергьенлъиялъе-75 сон

## Байрам, гIатIидгъабун, тIобитIизе рес ккечIо, амма…



Лъалеб бук1ахъе, араб соналдаса бицунеб бук1ана К1удияб Бергьенлъиялъе 75 сон т1убаялъул байрам т1обит1иялде х1адурлъиялъул. Улкаялъе нухмалъулезда рак1алда бук1ана, жеги киданиги т1обит1ич1еб къаг1идаялда, гьеб т1обит1изе. Гьелъие х1адурлъиги, т1адбан, унеб бук1ана, амма…

Г1урусазул аби буго: **«Инсанасда рак1алде ккола, Аллагьасул ихтиярalда бук1уна»**,-ян. Рак1алдаго гьеч1ого, нилъер г1умруялъулъе лъугьана ц1ияб, жеги гьанже г1адинал тадбирал жинде данде т1орит1изе ккеч1еб унти. Гьелъ т1убанго хисизаруна нилъеда ругьунал хьвада-ч1вадиялъул къаг1идаби ва гьеб хьинт1ана т1олабго дунялалъул улкабазда. Гьедин ккелъ х1укумат т1амуна т1орит1изе рук1арал культуриялгун г1емерал г1адамал г1ахьаллъулел тадбирал хисизаризе яги т1убанго нахъ рахъизе.



Гьедин бук1аниги, 9 маялда Ц1арлъаларев рагъухъанасул памятникалда цере т1угьдузул горал лъеялъулъ г1ахьаллъана-районалъул бет1ерасул ишал т1уралев И.И.Шабазов, заместитель И.Б.Салимханов, Дилим росдал администрациялъул бет1ер И.М-р. Мух1амадов, райадминистрациялъул аппаратальул х1алт1ухъаби, Казбек ва Гумбет районазул рагъулав комиссар А.Б. Мух1амадов ва рагъулгун зах1маталъул ветераназул Советалъул председатель Х.Г1. Мух1амадх1абибов.

Гьеб тадбиралдаса хадур районалъе нухмалъиялъул вакилзаби щвана Ват1анияб рагъул г1ахьалчаг1и: Г1абдурах1ман Мух1амадовасухъе (Ленинаул) ва Мух1амад Харсмух1амадовасухъе (Алмахъ).

Газеталъул цересел номеразда хъван бук1ана Россиялъул Президент В.В.Путиница 75 азарго ва сенатор С.Керимовас 1 млн. гъурущ Дагъистаналъул рагъул ветераназе биччаялъул х1акъалъулъ. Гьелде т1адеги, т1адехун рехсарал вакилзабаз ветераназе кьуна, Дагъистаналъул бет1ер В.Васильевасул рахъалдасан 30 азарго ва районалъул администрациялъул-25 азарго гъурущ. Гьединго, ветераназе, **«Сити»** тукадул (Мах1ачхъала) рахъалдасан, кьуна кванил ниг1матазул корзинабиги.



Абич1ого г1оларо, жалго жидедаго ч1ерлъун карантин бугин абун, нилъер г1адамал Россиялъул г1адамаздаса рат1ат1ун рук1инч1ебльиялъул х1акъалъулъ. Гьез жигараб г1ахьаллъи гьабуна социалиял сетаздасан т1орит1арал бат1и-бат1иял тадбиразда.

Гьезул цояблъун бук1ана Т1олгороссиялъул **«Бергьенлъиялъул Къо»** акция. Гьениб, рагъул ветераназул суратал кодоргун ва саг1ат 19 т1убараб заманалда къват1иреги рахъун, лъималазгун ч1ах1ияз К1удияб Бергьенлъиялъул гимн ах1ана.

**М.-Ш. Г1АБДУЛАШИМОВ**

## ХIурматиял газета цIалулел!

Байбихьана 2020 соналъул к1иабилеб бащдаб лъаг1алие **«Чапар»** газета хъваялъул кампания. Ниж рохаралги ч1ух1аралги руго нуж нилъер газета хъвалеллъун ва ц1алулеллъун рук1иналдаса.

Нужеца нижехъе рач1унел кагътал ц1алулаго, нужер ишал нухда унел гьеч1они, нижер рак1азулъе пашманлъи, рах1атхвей рещт1уна, гьез лъик1ал х1асилал нужее кьолел ругони, ниж рохула. Нужер лъик1ал макъалаби, куч1дул ва цогидалги материалал, архивалда гурелги, нижеца ц1унула рак1азулъги, т1ад-т1адруссун, ц1алула ва ккаралъур гьезулъа цо-цо рехсеял, х1ужаби ва гь.ц. х1алт1изарула, гьединго, х1аракат бахъула нужер бадич1ваял ва гьарияl х1исабалде росизе. Нуж гьеч1они, нижер х1алт1и цебехунги унаро.

Г1акълучилъун гуребги, **«Чапар»** ккола цогидазе сайгъат гьабизе бегьулеблъунги. Ц1алдезе бокьулел г1ага-г1унт1аразе, рес рекъеч1езе хъвани, гьеб ккола, нужер рахъалдасан, гьезие гьабураб лъик1аб сайгъатлъун. Кида газеталъул гьурмазде ралагьаниги, нужеда гьенир ратизе руго рак1ал т1аде ц1алел макъалабиги х1ажатаб информацияги.

Гьединго, гьенир нужеда ратила лъималазе, г1олилазе ва ригь аразе малъа-хъваял, абиял, абундачал ва тарихиял баянал.

**«Чапар»** хъвани, нуж лъугьина нижер гьит1инаб коллективалъул божарал гьудулзабилъун. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почтаялъул отделениябазда.

**Багъа-293 гъурущ.**

**РЕДКОЛЛЕГИЯ**

ГIагараб газеталъул божарал гьудулзаби,

# ГурхIел-рахIмуялъул акцияби

Коронавирусалдаса ц1униялъе жалго жидедаго ч1еялъе бихьизабураб заман халалъанаг1ан, ц1ик1к1унеб буго Россиялъул х1укуматалъ, гурх1ел – рах1муялъул г1уц1абаз ва хасал г1адамаз рес гьеч1елгун къват1ире рахъине к1оларел г1адамазе кумек гьабиялъул х1ужаби. Гьезда гьоркьор руго районалъул г1адамазе г1езег1анго кумек гьабурал политикал-вацал: Сайгидпаша ва Мухтарпаша Г1умахановал, **«Казбек районалъул ДРОО»** г1олилал г1уц1иялъул ва **«Инсан»**фондалъул церехъаби, тукабазул бут1ергьаби ва цогидалги.




Гьезул х1аракатчилъиялъул х1акъалъулъ нижеца газеталъул щибаб номералда хъвазеги хъвала.

Гьал къояз, Дагъистаналъул г1адамазе кумек гьабун, Чечняялъул бет1ер Рамзан Къадировас ва гьесул эбел Аймани Къадировалъ нилъер республикаялде бит1ун бач1ана 12 азаргоялдаса ц1ик1к1араб къадар кванил ниг1матаздасан г1уц1арал пакетазул. Гьезул 450 пакет бач1ана нилъер районалдеги.

Гьединго, гьез Хасавюрталъул больницаялъе рит1ун рач1ана дараби ва кислородалъул аппаратал. Гьабураб ишалъулаб кумекалъухъ Рамзан ва Аймани Къадировазе Чечняялъул гурх1ел-рах1муялъулаб фондалъул вакилзабазе, районалъул г1адамазул рахъалдасан, рак1-рак1алъулаб баркала загьир гьабуна райадминистрациялъул бет1ерасул ишал т1уралев И.И.Шабазовас.

**XIурматиял районцоял!**

Нилъер районалъул администрациялда цебе г1уц1ун буго рес гьеч1ел ва къват1ире рахъине к1оларел г1адамазе кумекалъе волонтеразул штаб. Жалго жидедаго заманалъе ч1езе ккарал ва кумек жидее х1ажатал г1адамаз ах1изе бегьула гьаб номералде: **89886336633**

**Асият ДИБИРОВА**

# Призывная кампания «Весна-2020»



Как мы знаем, весной и осенью на территории нашей страны проводятся призывные кампании в состав Российской армии. На днях я встретился с военным комиссаром по Казбековскому и Гумбетовскому районам А.Б.Магомедовым. Он рассказал :

**-Согласно приказа Министерства обороны РФ, весенний призыв должен был начаться 1 апреля и завершиться 15 июля сего года. В связи с пандемией коронавируса, работа комиссии по призыву (в нашем районе) была перенесена на 14 мая 2020 года.**

**Коронавирус внес существенные изменения не только в призывную кампанию, но и в жизнь всех россиян, можно даже сказать в жизнь людей всей планеты.**

**Учитывая пандемию, мы 4 раза меняли график работы комиссии. Усилены меры безопастности призывников, закуплены защитные маски и антисептик. Комнаты у нас дезинфицируются, введен пропускной режим. Все члены комиссии работают в медицинских халатах и масках. Каждый призывник проходит дистанционную термометрию и по отношению к нему соблюдается дистанция. Призывники будут проходить комиссию в масках, их руки будут обработаны антисептиком. В каждом помещении, где будет проходить медкомиссия, до начала работы будет проведена дезинфекция. До отправки в военную часть, для призывников будет проведено и тестирование на COVID-19.**

**Согласно наряда Дагвоенкомата, мы должны отправить в войска 80 человек. В основном они будут служить в ВДВ, ВКС, сухопутных и железнодорожных войсках, ВМФ и нацгвардии.**

**Конечно, в те или иные войска, призывники отбираются после тщательной медкомиссии и соответствия всех их данных требованиям. Если призывник имеет медицинские противопоказания, склонен к экстремизму или другим противоправным действиям, то его не призовут.**

**Преимущество в призывной компании будут иметь те, у кого высшее или средне-специальное образование, водители категорий С, Д и Е, а также те, кто приближается к непризывному возрасту. Преимущество в призывной компании будут иметь и те, кто имеет специальность близкую к военно-технической. После прохождения всех мероприятий, предусмотренных законодательством, решение об отправке призывников на военную службу принимает районная призывная комиссия.**

**Отправка призывников в воинские части, по решению Министерства обороны, состоится не ранее 20 мая**.

**И.ИДРИСОВ**

**Инсан ва г1умру**

# Инсан, мугIалим ва спортсмен



Нажбудин Нажбудинов гьавуна 1971 соналъ Хубар росулъ. 1989 соналъ Дилим росдал гьоркьохъеб школаги лъуг1изабун, гьев ана Советияб Армиялде. 1991 соналъ т1адвуссарав Нажбудин Хасавюрталъул педучилищеялде лъугьана. Гьит1инго бокьулаан гьесие спорт, гьелъ Нажбудиница жиндирго г1умру спорталда бухьинабуна. Гьесие хасго рокьулаан волейбол, баскетбол, столалда х1алеб теннис ва шахматал.

Зах1маталъул нухде Нажбудиница гали т1амуна Буртунай росдал гьоркьохъеб школалда физкультураялъул дарсал кьезе байбихьиялдалъун. Цо соналъ гьенивги х1алт1ун, гьев х1алт1изе вач1ана Дилим росдал №2 гьоркьохъеб школалде. 25 соналдаса ц1ик1к1араб заман ана дида Нажбудин лъалелдаса. Махщел бугев, жинда т1адкъараб х1алт1и бажаризабун, рак1бац1ц1ад т1убалев, дарсал кьеялъулъ, лъималгун х1алт1и гьабиялъулъ жиндирго хаслъи бук1унев, раг1и данде ккезабун бажарулев гьев бач1инахъего лъик1 къабул гьавуна муг1алимзабазулгун ц1алдохъабазул коллективаз. Нажбудиница г1езег1анго заманалъ гьабуна профсоюзалъул комитеталъул председателасул х1алт1иги. Гьев цо чанго соналъ спортшколалда тренерлъунги х1алт1ана.

Армиялдаса т1адвуссаралдаса Нажбудин г1ахьаллъана волейболалъул х1аялъул рахъалъ бищараб командаялъулъ. Гьеб командаялъ бат1и-бат1иял къецазда призалъулал бак1алги росана.

Рак1бац1ц1ад гьабураб х1алт1ухъ Нажбудин к1одо гьавуна **«Дагъистаналъул халкъияб лъайкьеялъул отличник»** абураб ц1ар кьеялдалъун ва РУОялъулгун дирекциялъул грамотабаздалъун.

**Э. ИДРИСОВ, Дилим росу**

**Инсан ва г1умру**

# Выпускниказул дандчIваялда...

Ц1ех-рех гьабидал г1емераз абула: **«Бищунго талих1аблъун дица рик1к1уна школалда ц1алулеб заман»,** -ан. Гьеб бит1арабги батила. Унгоги, гьеб заман бук1уна г1анч1аб ва сундулниги ургъел гьеч1еб. Амма гьеб заман ц1акъго къокъаблъун бук1араблъи бич1ч1уна школа лъуг1ун сонал аралдаса.

-Школа лъуг1аралдаса къого сон ун бук1ана. Цо январалъул къоялъ гьалмагъалъ дихъе ах1ун бач1ана ва абуна:

-Салам, Наташа. Дуда к1очон батиларо нилъеца школа таралдаса къого сон араблъи. Нилъер классцоял данделъизе руго **«Балъголъи»** кафеялда. Дир къаг1ида кколарин абизецин рак1алда ккоге. Мун гьений, чара гьеч1ого, йик1ине ккола,-ян.

Классцояв Ваня Петровгун (школа лъуг1инег1ан) дун цо парталда нахъ г1одойч1ун йик1ана. Гьес дие, хасго математика лъазабиялъулъ, ц1акъ кумек гьабулаан. Ахиралде щвезег1ан гьев дие рит1ухъав гьудуллъун вук1ана. Киназдаго гьезул хъизан т1убараб гьеч1еблъи лъалаан. Ваня ва гьесул яц эбелалъ жинцаго г1езарулел рук1ана. Гьезул эбел нижер школалда уборщицалъун х1алт1улей йик1ана. Ваняца эбелалъе ц1акъ кумек гьабулаан. Классцоял гьесда т1ад релъанхъулаан, амма классалъул старосталъун йик1арай Светацаги дицаги гьел жидерго бак1алда ч1езарулаан. Нижее химиялъул ва биологиялъул дарсал Нина Моисеевналъ кьолаан, гьелъ нижер дандиязул классалъе нухмалъиги гьабулеб бук1ана. Гьей йик1ана ц1акъ рокьукъай г1адан. Гьелъие лъимал умумузул ресалде балагьун рокьулаан.

Моськае, гьедин абулаан гьелда нижеца цоцазда гьоркьоб, бач1инахъего Ваня вокьич1о. Гьесдехун бугеб рокьукълъи гьелъ бахчулароан. Цо нухалда, дарс бицине вахъинавурав Ваняда лъач1о формула хъвазе, Моськаца абуна:

-Уборщицалъул васасда киданиги к1везе гьеч1о обществоялда гьоркьоб **«борхатаб»** бак1 ккавезе,-ян.

Гьале, т1аде щвана данделъулеб заман. Гьенире рач1ана г1езег1анго классцоял, гьайгьай, дандч1ваялде ах1арал муг1алимзабазда гьоркьой йик1ана **«химичка»** Моськаги. Гьей дагьалъ **«кепалдаги»** йигоан.

-Привет, Наташа! - ян бахъана ц1акъ лъалеб гьаракь. Дида цеве вач1ана лъик1 рет1а-къарав, багьаял духабазул мах1 бугев Ваня.

-Ваня, дун йохун йигей куц мун вихьиялдаса,-янги абун, дун гьесда къочана. Гьеб сордоялъ ниж цадахъ кьурдана, бицана школалда хадусан бук1араб г1умруялъул.

-Ворч1ами, г1олилал,-ан циндаго бахъараб гьаркьидехун руссарал нижеда Моська йихьана. Гьей аск1ой г1одой ч1ана.

-Гьа, Петров, щиб кколеб бугеб школалда хадусеб г1умруялъул, -ан ц1ехана гьелъ. Гьеб ц1ехеялъулъ раг1унел рук1ана Ваня х1акъир гьавиялъул нотаби.

-Кинабго лъик1 буго, Нина Моисеевна, кинабго лъик1,-ан абулелъухъги г1ин т1амич1ого, гьелъ абуна:

-Сундалъун дуца яшав гьабулеб бугеб?-ан

-Дун вуго ралел бак1азул фирмаялъул бет1ергьанчи. Дир г1уц1иялъ рала минаби ва бокьарал объектал,-ан Ваняца абидал Моськал гьурмал кьер лъалаго хисана. Гьелъ абуна:

-Дие рукъое ине заман щвана. Такси ах1изе ккела,-ян.

Ваняца абуна:

-Ургъел ккоге, Нина Моисеевна, дир шоферас мун рукъалъул рагьде щвезайизе йиго,-ян.

Дир рохалие г1орхъи бук1инч1о. Нижеца гьей яхинаюна Ванял ч1ух1араб иномаркаялде. Бихьулеб бук1ана Моськал гьурмада бук1араб рохалил асаралъул щибниги хут1ич1еблъи. Гьелъул гьумер ч1ег1ерлъун бугин кколаан. Щиб гьаб харбидалъун дие абизе бокьараб?

Г1умру нилъедаса г1емерго г1акъилаб буго. Гьелъ кинабго лъола жинди-жиндир бак1алда ва щивав чи вук1ине вуго гьелъ бихьизабуралъув.

Рук1а гурх1ел-рах1му бугеллъун! Г1адада гуреб абулеб:

-Хьараб гурони, бак1арулареб,-ан

**«1000 малъа-хъвай» газеталдаса босараб**

Ракьбагъари ккаралдаса - 50 сон

# РакIалдаго букIинч1еб балагь

Гьеб бук1ана 1970 соналъул 14 май. Ниж физкультураялъул дарсида рук1ана. Дол соназ гьелъул дарсал т1орит1улаан Дилим росдал гьанже хабзал ругеб бак1алда бук1араб стадионалда. Циндаго жеги раг1инч1еб гьаракь , бахъана ва гьелда хадубго кинабго сверухълъи терк1езе, сородизе лъугьана. Ракьалда, лъеда кинниги, карачелал лъугьун рихьулел рук1ана. Жеги гьединаб лъугьа-бахъин бихьич1ел нижеда щибго бич1ч1унеб бук1инч1о.



**«Ракь багъарана»**,-ян ах1и бахъана, цинги нижеда бихьана рукъзазул къадал кьват1ун, цо-цоял риххун. Х1ат1икь бугеб ракь лъеда т1ад бугеб г1адинаб асаралъ рек1елъе х1инкъи рещт1инабулеб бук1ана. Гьай-гьай, ниж школалде г1едег1ана ва гьениса, нахъ бахъич1ого, ниж рукъоре рит1ана. Гьеб сордоялъги (лъик1го) ва хадусанги ракьбагъари г1емер такрарлъана. Гьелъул эпицентр бук1ун буго Буйнахъск районалда. 9 баллалде г1унт1ун (12 бихьизабуралъул) ккараб гьелъ нилъер республикаялъе к1удияб зарал кьуна. Гьелъул х1асилалда республикаялда т1убанго 22 ва цо бут1аялъ 257 росаби риххана.

Гьединго, гьелъ к1удияб зарал кьуна Мах1ачхъала, Буйнахъск, Каспийск, Хасавюрт ва Гъизилюрт шагьаразеги. Нилъер районалъул росабазда гьоркьоб бищунго зарал ккараблъун бук1ана Ц1обокь росу. Гьеб т1убанго биххана ва гьенив 28 чи хвана.

18 маялда, г1адамазе чедги гьениб ч1езабизе 36 палаткаги босун, г1олохъабигун цадахъ, дун Ц1обокье щун вук1ана. Гьениб рак1 гьанц1изабулеб ах1вал-х1ал бук1ана.

Къокъаб заманалда СССРалъул киналниги республикабаздаса нилъее кумекалъе г1адамал рач1ана. Гьез бак1ал разе стройматериал, техника в гь. ц. цадахъ бач1унебги бук1ана.



Кумекалъе рач1араз рана г1адамазе рукъзал, школал, лъималазул ахал, больницаби, культураялъул минаби ва цогидалги объектал. Цо-цо бак1азда гьез рана т1убарал микрорайонал. Гьединазул цояблъун ккола Дилималда бугеб **«Чувашия»** микрорайон, Мах1ачхъалаялъул **«Узбек городок»** ва г1емерал цогидалги. Гьелде т1адеги, нилъер лъимал ц1ализе рит1ана Раменское, Горький ва Воронеж шагьаразул интернатазде. Гьезие кинабго ч1обого ч1езабунги бук1ана.

Пачалихъалъ, союзниял республикабаз, гьоркьоб къот1и гьеч1ого, гьабураб кумекалдалъун, нилъер республикаялъе ракьбагъариялъ гьабураб зарал къокъаб заманалда къезабизе к1вана.

**М.-Ш. Г1АБДУЛАШИМОВ**

Инсан ва гIумру

# Огь, замана, замана…

**Рокьи гьабун яче ячунез лъади,**
**Рак1ал журай г1адаб жо бук1унарин.**
**Балай гьабун гьабе гьабулез ригьин,**
**Гьелъ къварид гьаруни, кьойил г1одулин.**

Цебего цо коч1охъаналъ ах1улел рук1арал гьел раг1аби рак1алде щвана г1олохъанаб, гьанжего гьанже г1уц1араб хъизан бихханин раг1араб заманалда. Лъиего балъголъи гуро гьанжесеб г1елалъул лъай босиялде, зах1маталде, гьоркьорлъабазде, сверухъ лъугьунелде бугеб бербалагьи.

Гьедин бук1иналъул г1айиб цо-цояз рехула заманалде, цогидаз абула гьеб цивилизация цебет1еялъул г1аламат бугин. Заманаялъул **«чвахи»** добго буго, цебет1ейлъунги умумуз рик1к1унаан лъик1аб рахъалдехун г1умру буссин. Кинго бич1ч1ине к1оларо инсанасулъ ругел г1одорег1анисел пишаби загьир гьари цивилизациялъул цебет1ейлъун кколин абулезда т1ад рекъей. Пачалихъалда ккарал хиса-басияз халкъалъе кьуна г1емерал г1ат1илъаби, амма гьел х1алт1изарулел руго квешаб рахъалде г1адамал ц1аялъе.

Гьедин кин абилареб, киналниги рук1арал лъик1ал рахъазул къимат г1одобе ккедал? Рак1алдаса унаро советияб заманалда телевизоралдасан кьолел передачабазухъ, киноязухъ ва гь. ц. балагьизе т1убарал хъизаби, г1ага-божарал, мадугьалзаби данделъулел рук1араб заман. Гьел передачабаз г1адамал ах1улаан лъик1ал г1амалал, ях1-намус ц1унун хьвадиялде, инсанин абураб ц1ар борхатго ккеялде ва гьудуллъиялъулгун вацлъиялъул бухьенал щула гьариялде.



Х1албихье гьанже цадахъ г1одорч1ун телевизоралъухъ балагьизе. Ц1ик1к1унисеб ч1вай-хьвей, рагьарал жинсиял гьоркьорлъаби ва цогидалги нахъег1анал инстинктазде г1адамал ц1алел передачабаз сунде ругьун гьабизе бугеб г1олеб г1ел? Щиб гьелъие кьезе бугеб? Цо гьеб рахъ гурони нилъер г1умруялъулъ гьеч1ебани, г1умру гьабизе бигьа бук1инаан. Бикъа-хъамулел, х1алаллъи-х1арамлъиялъухъ балагьич1ого, буголъи данде гьабулел гьанже рик1к1унел руго яшав гьабизе лъалеллъун, гьел къиматалдаги руго.

Узухъда, киналго рахъал церет1еязул квешаллъун рук1унаро. Дунялалда щибниги гьеч1ог1иц1го лъик1аблъун яги квешаблъун кколеб. Щибаб жоялъул руго лъик1алгун квешал рахъал.

Рач1а т1адруссинин байбихьиялда хъвараалде. Гьаб заманалда г1езег1анго хисана ригьин гьабиялъул къаг1идаби.

Г1емерисел г1олилал х1адур рук1унел гьеч1о хъизан г1уц1иялде. Гьит1инаб зах1малъи дандч1ваниги, гьезда гьеб къинабизе к1олеб гьеч1о ва хъизаби хеккого риххулел руго. Гьоркьор хут1улел лъималазул къисматалъулги гьез ургъел гьабулеб гьеч1о. Хъизан ккола гьит1инабго пачалихъ. Гьелда жанир х1алт1улел гьеч1они г1аданлъиялъул къаг1идаби, кинаб бук1инеб к1удияб пачалихъ-Ват1аналъул къисмат?! Хъизан ц1унуларез ц1унизе бугищ гьеб?

Дагьал гьеч1о, цоцаздаса г1емераб заманалъ рат1алъизеги рат1алъун, ц1идасан данделъаразул мисалал. Щай хадусан гьел цадахъ бегьарал? Киналниги гьединал гъалмагъиразул бет1ерлъуда сабру гьеч1олъи бук1уна.

Эбел-инсуца, кколеб къаг1идаялда, хъизан г1уц1иялде лъимал х1адур гьарулел гьеч1о. Васазе ран минабиги ясазе багьа ц1ик1к1араб къайиги кьолел ругони, гьезда кинаб бук1аниги зах1малъиги бихьич1ого, щиб гьабизе гьезие хут1улеб? Цоцалъ къацанди? **«Дида маг1ишат г1уц1улаго г1емераб г1акъуба бихьана, биччанте лъималаздаг1аги гьеб бихьунгут1изе»**,-ян абула умумуз. Лъималазда щибниги х1алт1и гьез гьабизе биччаларо. Лъик1аб гьабулебинги абун, умумуз лъимал ц1ала кинаб бук1аниги зах1мат бокьунгут1иялде. Бихьиназда бихьиназулги руччабазда руччабазулги х1алт1и гьабизе лъалареб бугони, кинаб цадахъаб маг1ишат бук1унеб?

Цивилизация цебет1еялъул х1асиллъун ккола интернет, сотовиял телефонал ракки. Гьез г1адамазе рес кьуна бокьараб информация хехго щвеялъе, къват1ире рахъинч1ого, хъулухъал т1ураялъе. Узухъда , гьезулги руго квешал рахъал. Гьел раккаралдаса г1езег1анго хъизанал рихханин бицуна. Цо-цо г1адамазул унтилъун лъугьун руго телефоналгун компьютерал. Лъимал ц1акъ хехго гьезде ругьунлъулел руго ва гьениса гьезухъе щолеб буго чорокаб, щибниги пайда гьеч1еб, г1алхулал инстинктал инсанасулъ рагьаризабулеб информация.

Цо нухалда дун гьадинаб **«сураталъул»** нуг1лъун ккана. Скамейкаялда г1одорч1ун ругоан г1олилал. Гьел киналго телефоналги кодор ккун рук1ана ва цоцаздехун **«ч1агояб»** хабар гьабулев чи гьезуль вук1инч1о. Цого гьелдасан бич1ч1ине бегьула нилъ кире унел ругелали ва кире ккезе бегьулелали. Гьеб киналъулго х1акъалъулъ г1емер бицине бегьула, амма бицани щиб, хисулеб щибниги гьеч1елдаса!

Умумузул заманалда къанаг1ат гурони ригьин ва хъизан рихххулароан.

Щайгурелъул, доб заман бук1ана г1адамазулъ г1аданлъи, ях1-намус ва жавабчилъи ц1ик1к1араб. Гьединго, ц1акъ зах1мат бук1ана , хасго ч1ужуг1аданалъе, яшав гьабизе. Хасалиде ц1улги, раг1и-херги, маг1ишаталда х1ажатаб цогидаби х1адуризе ккани, цо жиндаго ч1ужуг1аданалда гьеб бажарулароан. Гьелъ, гьез х1аракат бахъулаан бихьинчигун г1умру бухьинабизе. Гьаб церет1еязул заманалда, гьоркьобкъот1и гьеч1ого, токги, газги, лъимги рукъорги ругони, босизе бокьа-бокьараб рагьдеги бач1унеб бугони, лъие къвариг1ун бугеб цогиязул ургъел т1аде боси?

Рат1ач1ун, г1умру гьабизе умумуз лъималазде малъулеб гьеч1о. Цо-цо улбузда кколеб буго, 12-13 сонaлдаса т1аде ясазул г1умру бахани, гьей росасе кьезе бегьулин. Кинаб маг1ишат лъимералъ г1уц1изе бугеб?

Гьединго, умумул гьоркьоре лъугьунел руго лъималазул г1умруялде. Жиде-жидер лъимал ц1унизе, гьел мекъаб нухда ругониги, эбел-инсуца ц1акъ х1аракат бахъулебги буго. Гьаб заманалда г1емерал ригьнал гьарулел руго телефоназдасан, Интернеталдасан лъай-хьвайги гьабун. Гьединал ригьназул х1асил кинаб бук1унебали бич1ч1ине г1емер рик1к1адег1ан ине кколаро.

Цоцазухъ г1енеккун, ч1ах1ияз абулелде г1инт1амун, г1аданлъи, ях1-намус ва сабур цере рачун, хьвада-ч1вади гьабулеб гьеч1они, гьабсаг1аталда бугеб квешаб ах1вал-х1ал ц1ик1к1ани гурони, дагьлъилин абураб пикру рек1елъе лъугьунеб гьеч1о.

Цо-цо пачалихъазда, гьелги бищунго церет1уралин абулел, бихьиназ бихьиналгун, руччабаз руччабигун хъизаби г1уц1улел руго! Гьеб буго Аллагьас бихьизабуралда т1асан рахин. Аллагьасул нух таразул къисмат кинаб бук1унебали ва бук1ине бугебали щибаб къойил нилъее г1алимзабаз бицуна.

**Аллагьас лъик1аб хьван батаги.**

**Х1. КАРИМОВА**

*Дин ва г1умру*

# Рамазаналъул ахирисел къоял кин тIоритIилел

Лъалеб букIахъе, Расуллулагьас, цогидаб заманалдасаги цIикIкIун, жигар бахъулаан Рамазан моцIалъул ахирисеб анцIго къоялъ гIибадаталда тIад чIезе, гьесда нахъ рилълъине нилъедаги рекъола. Сундеха кIвар кьелеб гьел къояз?

Сардал, какал ран, Аллагь рехсон, гIибадаталда тIоритIила. ТIадегIанав Аллагьас нилъедаса Лайлатуль Къадриялъул сордо букIунеб мех балъго гьабун буго, ва амру гьабун буго гьеб Рамазаналъул ахирисеб анцIго сордоялъ балагьейилан. Гьел сардаз цIакъго тIадчIей гьабизе ккола таравихIал ва, радакье рахъун, тагьажуд баялда.

Мунагьаздаса тIаса лъугьаян Аллагьасда гьарила, цогидал гIадамазеги дугIа гьабила, ХIадисалда буго : **«Лайлатуль Къадри, кири – ажру щвеялде божигун ва хьулгун, гIибадаталда тIобитIарав чиясул цере гьарун арал мунагьал чурула»**, - ян. (Бухари).

Къуръан цIали. Рамазан Къуръаналъул моцI ккола, гьеб Рамазаналъ рещтIунги букIана. ГIабдуллагь бин ГIамридасан (р.гI.) бицана, Расуллулагьас абунила: **«КIал кквеялъ ва Къуръаналъ нугIлъи гьабизе буго Къиямасеб къоялъ»,** - ан. (АхIмад).

ИгIтикаф. Рамазаналъул ахирисеб анцIго къоялъ мажгиталда игIтикафалда чIела, Аллагь рехсон, суннатал какал ран, Къуръан цIалун ва лъазабун. ХIатта дагьаб заманалъ мажгиталде жаниве лъугьунеб мехалъцин ният гьабила Аллагьасе игIтикафалда чIезейилан. Щибаб лахIзат, гIадада биччачIого, Аллагь рехсолаго тIобитIе.

Садакъа кье. ЦIакъ кIвар цIикIкIараблъун ккола Рамазан моцIалъ хIажалъи ккаразухъе кумекалъул квер бегьи, боцIи – малалдалъун, берцинаб каламалдалъун букIа. Гьеб щивасухъе чанцIулго цIикIкIинабун буссина, иншааллагь.

КIал кквела гьаб Рамазан моцI жиндир гIумруялда жаниб ахирисеб бугеб кинниги. КIал ккурав чи кваначIого, гьекъечIого чIун гIоларо, гьес живго цIунизе ккола хIарамабщиналъухъ гIенеккиялдаса, валагьиялдаса, хIарамаб бакIалде хIетIе чIеялдаса, хIарамалде квер бегьиялдаса. Гьединго, рикIкIад гьарила гIадада заман ч1ваялъе балагьулел передачаби, гIададисел харбал, соцсетал.

Жигар бахъизин гьал къояздаса хIалкIвараб пайда босизе. Нужеда лъай, хадусеб Рамазан гIицIго лъагIалидасан гурони бачIунареблъи, нилъер цонигиясул гьеб бачIинегIан чIаго хутIиялда божиги гьечIеблъи.

Аллагьас къабул гьабеги щивав муъминчияс гьабурабщинаб гIибадат – гIамал. Амин!

# КIал биччаялъул сахI



СахI бахъиялъул гIуцIал:

**1. ТIалъулеб гIуж.** Рамазан моцIалъул ахирисеб къоялъ бакъ тIерхьунеб гIужалда чIаго вугев чиясда (гьеб жинда тIалъизе ккани рукIине кколел шартIалги жиндилъ ругев). Гьеб къоялъ бакъ тIерхьиналде хварав чиясдаса гьеб бахъизе кколаро. Бакъ тIерхьиналде гьабураб лъимералдаса, ялъуни ячарай чIужуялдаса бахъизе ккола.

**2. Хирияб гIуж.** ГIидалъул къоялъ рогьел баккун хадуб гIидалъул как балалде.

**3. Бегьулеб гIуж**. Рамазан моцIалъул авалалдасан байбихьун, бахъун хехго тIубазабураб лъикIаб буго сахI, хасго сапаралъ унез ва гьеб къоялъ регIуларез. Амма гьелъие, **«хех гьабун»** абун, ният гьабизе ккола ва сахI жиндие кьурав чи гьеб тIалъулеб гIужалъ закат щолевлъун вукIине ккола. Масала, Рамазаналъул авалалда сахI жиндие кьурав чи гIидалъул къоялде бечелъани, гьеб сахI рикIкIунаро.

**4. Карагьатаб гIуж.** ГIидалъул какалдаса бакъ тIерхьинегIан гьеб нахъ бахъи. Амма гьеб заманалда гьоркьоб маслихIаталъе гIоло нахъ бахъун бугони, масала, жиндие сахI щолев гIагарав чи яги цогидав лъикIав чи щвезегIан, карагьатаб букIунаро.

**5. ХIарамаб гIуж.** ГIидалъул къоялдаса хадуб бахъизе тезе, амма хутIани, бецIунилан бахъила.

СахI гIемерисеб бетIербахъи гьабулеб жоялдасан бахъила.

Масала, Дагъистаналда гIемерисеб бетIербахъи гьабулеб жо ролъ бугелъул, ролъул гурони бахъизе бегьуларо. Ролъги сахаб букIине ккола. Ханжу бахъизе бегьуларо. Лъабавго имамасда асклоб сахIалъул бакIалда гьелъул кколеб къимат къуни яги гIарац къуни, гьеб мехалдаги сахI тIаса кколаро. Ролъ щвечIони, гьеб мехалъ Абу ХIанифа имамасда (р.гI.) нахърилълъун, гIарцудалъунги бахъизе бегьула.

Цо-цо камилал гIадамаз ролъулги гIарцулалги кIиябго бахъула, ресалда вугев чияс гьедин гьабуни, цIакъго лъикIаб букIина, амма гьедин гьабизе тIадаб гьечIо.

СахIалъул роцен ккола лъабго литр унеб цIа – ратI, цIан сахI бахъулеб бугони, гьеб ккола 2400 грамм, цо дагьаб цIикIкIун бахъани, лъикIаб буго. Ролъ кидаго бацIцIадаб букIунарелъул, 3 кг гIезабураб лъикIаб буго. СахI бахъиялъе ният гьадин гьабула: **«Дица ният гьабуна дирго черхалдаса паризаяб кIал биччаялъул сахI бахъизе»**, - абун.

Хъизан – лъимализдаса сахI бахъулеб бугони, ният гьадин гьабила: **«Дица ният гьабуна дир чIужу, дир вас, дир яс (яги пуланасдасан гьесул вакиллъиялдалъун) кIал биччаялъул паризаяб сахI бахъизе»** абун. Ниятги сахI бахъулаго яги мискинзабазухъе кодобе кьолеб мехалъ гьабизе ккола.

**Исламияб календаралдаса босараб**

# Коронавирусалъул хIакъалъулъ ахириял баянал

(14. 05.2020 г.)

**Дунялалда…**

Коронавирусалъ унтаразул къадар 4 млн.425 азар. 341 чи, хваразул – 302 азар. 614 чи, гьебго заманалда сахлъун вуго 1 млн. 614 азар. 304 чи.

**Россиялда…**

Унтаразул къадар - 262 азар. 219 чи, хваразул - 2398 чи ва 59 057 чи сахлъун вуго.

**Дагъистаналда…**

Унтаразул къадар - 3193 чи, хваразул - 26 ва сахлъун вуго 1529 чи.

**Районалда…**

Унтаразул къадар - 33, хваразул - 0, сахлъаразул - 23 ва жалго жидедаго ч1езарурал - 8.

# Цодагъабго гьими…

Х1инкъараб ва зах1матаб заман бач1ана. Кверал чуризе, рукъоб квен х1адуризе кколеб буго, ва лъималгун гара-ч1вариялда, малъа-хъваязда рук1ине кколел руго. Гьаб заман халалъани, иш т1ахьал ц1алиялдецин ккезе бегьула.

Огь, заман, унго дур зах1малъи!

# ОМВД информирует…

**Что делать, если из банка вам сообщили о блокировке карты или хотят узнать номер карты, пароль и код доступа?**

Появился новый способ мошенничества. Злоумышленники оформляют облачную АТС на одноразовую симкарту, а затем через веб – интерфейс меняют телефонный номер карты. Представляясь сотрудниками банка, преступники обзванивают клиентов и, под различными предлогами, выясняют номера карт, одноразовые пароли и коды доступа, необходимые для проведения операций по банковским картам. Также с номера – двойника банка мошенники массово рассылают клиентам банка смс сообщения о блокировке карты. Для разблокировки им предлагают перевести деньги на счет или отправить смс сообщение на короткий номер.

**Вы получили сообщение: «Ваша банковская карта заблокирована». Как быть?**

Вас могут попросить бесплатно позвонить на определенный номер для получения необходимой мошенникам информации. После вашего звонка, мошенники вам могут сказать, что на сервере, отвечающем за обслуживание карты, произошел сбой и попросят вас сообщить номер карты и ПИН – код для ее перерегистрации. Как только вы их сообщите, преступники получают возможность управлять вашим счетом.

Не сообщайте реквизиты никому! Представители банка их знают. Ни одна организация, включая банк, не вправе требовать ПИН – код.

Для проверки любой информации о блокировке карты необходимо позвонить в клиентскую службу поддержки банка.

Калининаул росдал гьоркьохъеб школалъул коллективалъ, районалъул лъайкьеялъул Управлениялъул х1алт1ухъабаз, филологаз, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго эбел-инсуда, лъималазда ва г1ага - божаразда

**Сайгибат Х1ажимух1амадова**

г1умруялдаса ят1алъиялда бан. Аллагьас гьелъие Алжан насиб гьабеги.

---

Калининаул росдал лъималазул ахалъул коллективалъ, районалъул лъайкьеялъул Управлениялъул х1алт1ухъабаз зигара балеб буго Зугьра Г1умаровалда ва т1олабго г1агарлъиялда - эмен

**Мух1амад**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьесул мунагьал чураги

*БетIерай редактор:*
*Джамиля ХIабирахIмановна ГIабдулахIитова*
*55-48-94*
*Жавабияв секретарь:*
*МухIамад-Шарип ГIабдулашимов*
*тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби:*
*ХIалимат Каримова,*
*Ибрагьим Идрисов,*
*Асият Дибирова*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес:*
*367032, РД МахIачхъала шагьар Насрудиновасул къватI №61*

*Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.*
*Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.*
*ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,*
*Индекс: 51354*
*Заказ №368 Тираж 1182*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*